

MAPOROFITA EMUTESTAMENTE YAKARE



Chidzidzo 3 cha
Gumiguru 17, 2026



«Jehoshafati
akamira, akati,
“Cindinzwai imi
vaJuda nemi mugere
Jerusarema; tendai
Jehova Mjari wenyu,
mugosimbiswa; tendai
vaprofita vake,
mugokunda.”»

(2 Makoronike 20:20)

Mumazuva eTestamende Yekare, vanhu vaiwana mashoko kubva kuna Mwari kuti vaaudze vamwe vaizi vaoni kana kuti vaporofita(1 Sam. 9:9).

Vaigona kuziva zvinhu zvakavanzika, kunyange izvo zvaizoitika mune ramangwana (1 Samueri 9:6), asi basa ravo rakanga risingagumiri ipapo; raisanganisira zvakawanda kupfuura izvozvo. Chokwadi, kugona uku kwakanga kusiri kwavo pachavo, asi kwaibva kuna Mwari.

But there were also false prophets who spoke “vanotaura zvaakauona pamoyo yavo” (Jer. 23:16).



Ndiani aidanirwa kuhushumiri hwehuprofita?

Maporofita vaiita sei?

Maporofita aiita basa rei?

Ndeapi madzimai aiva nechipo chekuporofita?


Maporofita enhema aiva nehunhu hupi?

NDIANI AIDANIRWA KUHUSHUMIRI HWEHUPROFITA?

“Eria wakanga ari munhu wakaita sesu, akanyengetera nomunyengetero kuti mvura irege kunaya; ikasanaya panyika makore matatu nemjedzi mitanhat.” (Jakobho 5:17)


Tinogona kuwira mukukanganisa kwekufunga kuti vaporofita vaiva “vanhu vane simba guru risinganzwisike.” Asi Mozisi akapa chikonzero chekuti aisagona kutaura zvakanaka (Ekisodho 4:10); Isaya akati aiva nemiromo isina kuchena (Isaya 6:5); Jeremiya akafunga kuti aiva mudiki zvikuru pabasa iroro (Jer. 1:6).

Erija, uyo akashinga kutyisidzira Mambo Ahabhi nenyaya yekuti kwaizovapo kusanaya kwemvura kukuru nekuda kwekusateerera kwake Mwari, anonzi: “wakanga ari munhu wakaita sesu” (Jakobho 5:17).




Mushure mekuita chishamiso chikuru, Eria akapunzika pasi nekutyisidzirwa nerufu kubva kuna Mambokadzi Jezebheri (1 Madzimambo 19:2-4).

Zviri pachena kuti Mwari haasarudze vaporofita vake nekuti vakakwana. Chii chaanoona mavari? Rudo rwavo kuna Mwari uye kuda kwavo kumuteerera.



MAPOROFITA VAIITA SEI?

"Ipapo Mikaya akati, 'NaJehova mupenyu, izo zinorebga naJehova kwandiri, ndizo zandicataura' " (1 Madzimambo 22:14)



Sevatauriri vaMwari, maporofita nevaporofitakadzi vakashingirira kurarama maererano nekudaidzwa kwavo (1 Sam. 12:3–4). Vanhu vaivaziva se “munhu waMnjari,” “munhu unokudzwa kwazo” (1 Sam. 9:6).

Avo vakaramba kugamuchira mashoko avo vakavavenga uye kuvatyisidzira (1 Madzimambo 22:8, 27). Asi pasinei nematambudziko avakasangana nawo, maporofita vakazadzisa basa ravo rekuzivisa mashoko acho vakatendeka.

Mikaya akamira pamberi pemadzimambo maviri, vaprofiti 400 vakazivisa mashoko akanaka, uye murindi akamupa zano rokushanduka maererano nemamiro acho ezvinhu (1 Madzimambo 22:10-13). Zvakadaro, akamira akasimba akaramba kutaura chimwe chinhu kunze kweizvo Mwari zvaakaraidzwa kwari (1 Madzimambo 22:14).

Vakanga vasina kukwana, asi vaiva varume nevakadzi vemunamato, vakatendeka kuShoko, uye vashumiri vaMwari nevanhu vake (1 Sam. 12:23; Jer. 42:4).



MAPOROFITA AIITA BASA REI?

"naJehu mnanakomana waNimshi umuzodze ave mambo waIsraeri, naErisha mnanakomana waShafati weAberi-mehora, umuzodze ave muprofitu panzimbo yako." (1 Madzimambo 19:16)

Pakati pezvimwe zvinhu maporofita vakaita mabasa aya:



Nemadzimambo

-  **Vaivazodza**
(1 Madz 19:16)
- Vaivakurudzira**
-  **pavainge vaita zvakanaka**
(2Mako. 15:8)
- Vaitarisana navo**
-  **pavainge vaita zvakaipa**
(1 Madzimambo 21:20)

Nemapirisiti

-  **Vaitarisana navo pavainge vaita zvakaipa**
(Maraki 2:1-2)

With the people

-  **Vaivadzidzisa nzira dzaMwari**
(Micah 6:8)
-  **Vaivazivisa nezvechivi chavo**(Is. 58:1)
-  **Vaivadana kukutendeuka**(Ez ekieri 18:32)


Nesu

-  **Vanonora shoko ravo**
(2Mako. 13:22)

NDEAPI MADZIMAI AIVA NECHIPO CHEKUPOROFITA?

“Nenguva iyo Debora, muprofitakadzi, mukadzi waRapidoti, wakanga acitonga vaIsraeri” (Vatongi 4:4)

Testamende Yekare inotaura nezvevaporofita vechikadzi vashanu. Mumwe wavo, Noadhia, aiva muporofita wenhema (Neh. 6:14). Kana tichitarisa mumwe wacho, mudzimai walsaya, hatizivi kana achinzi muporofita wechikadzi nekuti aiva nechipo ichocho, kana kuti nekuti aiva mudzimai wemuporofita(Is. 8:3).



MIRIYEMU. Somuprofitakadzi, akatungamirira vakadzi mukuimba pashure pokuyambuka Gungwa Dzvuku. Akabatsirawo hanzvadzi dzake kutungamira vanhu panguva yerwendo rwavo murenje (Eki. 15:20; Mic. 6:4).



DEBORAH. Aiva nechinzvimbo chevaviri chomuprofitakadzi nomutongi, uye akatungamirira vanhu mukurwisana naSisera, pamwe chete naBharaki. Mushure mekukunda, akaimba rwiyo rwechiporofita rwerumbidzo (Vatongi 4:4-9; 5:1).



HULDAH. Akabvunzwa naJosiya nezvebhuku roMutemo rakanga rawanikwa. Pamusoro pekupindura mubvunzo wamambo, akataura mashoko anokurudzira kwaari (2 Madz 22:14-20).

MAPOROFITA ENHEMA AIVA NEHUNHU HUPI?

"Ipapo Jehova akati kwandiri, 'Uapofita vanopofita nhema muzita rangu; ini handina-kubatuma, ini handina-kubairira, kana kutaura nayo; vanokuprofiterai zinonzi zakavonekwa asi dziri nhema, nezakavukwa, nezisinamaturu, nokunyengera kwemoyo yavo.' " (Jeremiya 14:14)

Havasi vose vakaporofita nekuti yakanga yagamuchira shoko kubva kuna Mwari (Jer. 14:14). Shoko ravo raive rei, uye nei vakaritura?

Vaigadzira zvaporofita zvavo pachavo(Ezek. 13:2, 17)

Vaitaura zvaida kunzwa vanhu (Ezekieri 13:16)

Havana kutaura zvakaipa pamusoro pechivi(Ezekieri 13:22)

Vaitsvaga kuwana zvinhu zvavo pachavo(Ezekieri 13:19)

Ngenyi munhu achitaura achiti ari kutaura pachinzvimbo chaMwari uku achiziva kuti hazvisi zvechokwadi? Kuzvinyengedza here? Kushuva kuzivikanwa, kana kuwana mari kana zvimwe zvinhu?

Chinhu chinonyanya kusuwisa pamusoro pevaporofita venhema ndechekuti kune vanhu vanovateerera nekutevera nzira dzavo. Vanofarira zvavanotaura nekuti hazvidi kushanda nesimba uye hazvinetse hana dzavo. Asi kutevera nzira yavo kunongoguma nerufu chete.

Muporofita wechokwadi anogara achinyevera nezvenjodzi dzechivi, uye achikurudzira vanhu kuti varambe vakatendeka pasinei nemigumisiro yacho.



“Hapana kana mumwe chete wevaapostora kana vaporofita akamboti haana chivi. Varume vakagara pedyo zvikuru naMwari, varume vaizopa hupenyu hwavo pane kuita chinhu chakaipa vachiziva, varume vakakudzwa naMwari nechiedza nesimba zvinobva kuna Mwari, vakabvuma kuti vane hunhu hune chivi. Havana kuvimba nehunhu hwavo hwenyama, havana kuzviti vakarurama, asi vakavimba zvizere nekururama kwaKristu.” -Non-Official translation by Gift Mawoyo

EGW (The Acts of the Apostles, p. 561)

APPENDIX: THE PROPHETIC CALL OF ELLEN G. WHITE

After her first vision, Ellen felt ill-prepared to fulfill her prophetic ministry. With poor health and limited education, the 17-year-old felt unworthy and incapable of carrying out her calling.

A week after her first vision, she had a second vision in which she was warned of the challenges she would face. After much prayer, and encouraged by some of her brothers and sisters, Ellen finally accepted her calling.

In less than twenty years, after receiving many visions, and supported by her husband – James White –, she had helped to create the foundations of the Seventh-day Adventist Church (officially founded in 1863).



Her ministry was instrumental in establishing the Adventist health and education systems, and she left behind approximately 100,000 pages of inspired writings that continue to communicate divine instruction throughout the world.

